

### BAB III

## MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data.

### 1.1 Desain Panalungtikan

Pamarekan dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kuantitatif, sabab dina ieu panalungtikan ngukur data kuantitatif jeung statistik. Métoeu panalungtikan mangrupa cara atawa stratégi anu dipaké ku panalungtik pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Hususna pikeun nguji hipotésis nu geus ditangtukeun kalawan ngagunakeun téknik panalungtikan anu saluyu. Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 3) métodeu panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data pikeun udagan jeung pamarekan anu tangtu. Métoeu panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métodeu kuasi ékspérimén. Kuasi ékspérimén atawa nu sok disebut ékspérimén semu nya éta panalungtikan anu dilaksanakeun tanpa ayana kelas *pemanding* atawa kelas kontrol. Tina ieu métodeu bakal katitén kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*.

Dumasar kana pamarekan jeung métodeu panalungtikan di luhur, desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *one-group pre-test and post-test*. Panalungtikan dilaksanakeun ku cara méré *pre-test* heula pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis wawangsalan saacan dilarapkeunana modél pangajaran *concept sentence*. Sanggeus éta siswa dibéré *treatment* atawa perlakuan nya éta dilarapkeunana modél pangajaran *concept sentence* dina pangajaran nulis wawangsalan. tuluy dilaksanakeun *post-test* pikeun mikanyaho kamampuh nulis wawangsalan siswa sanggeus dibéré perlakuan. Ieu desain bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

**Table.3.1**  
Desain Panalungtikan

<b>O1</b>	<b>X</b>	<b>O2</b>
-----------	----------	-----------

(Sugiyono 2013 kc.110)

Keterangan :

O1 = *pre-test* (hasil observasi saméméh perlakuan)

X = *treatment* ( pangajarann nulis wawangsalan ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*)

Siti Ulfiyati Rochman, 2018

MODÉL PANGAJARAN CONCEPT SENTENCE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

O2 = *Post-test* (hasil observasi sanggeus perlakuan)

## 1.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi, kalayan jumlahna 21 siswa, anu ngawengku 7 siswa lalaki jeung 14 siswa awéwé.

## 1.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang, hasilna leuwih hadé, leuwih lengkep jeung sistematis dina ngolah datana (Arikunto, 2013 kc. 203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Arikunto (2013, kc. 193) nétélakeun yén tés mangrupa runtuyan patalékan atawa latihan anu dipaké pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok. Jenis tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés tulis, ngawengku soal uraian dina wangun paréntah nyieun wawangsalan.

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés préstasi sacara tinulis pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis wawangsalan ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*, dilaksanakeun dua kali tés nya éta *pre-test* jeung *post-test*. Kamampuh nulis wawangsalan ditilik tina aspék éjahan (ngagunakeun huruf dina awal kalimah, bisa ngalarapkeun jeung ngabédakeun antara e,é, jeung eu), diksi (kekecapan anu merenah jeung luyu sangkan bisa dipaké dina nulis wawangsalan), guru wilangan (kudu nyumponan kana dalapan engang), karapihan tulisan jeung hubungan antarpadalian dina wawangsalan (nyambung henteuna antarpadalian dina nyieun wawangsalan).

Instrumén dina ieu tés ngagunakeun ngagunakeun sababaraha kartu kecap galeuh anu bakal dilengkepan ku siswa dina nulis wawangsalan. Lian ti kartu, Lembar Kerja Siswa (LKS) ogé dijadikeun alat pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis wawangsalan.

Instrumén *pre-test* jeung *post-test* tés anu ditugaskeun pikeun siswa saperti ieu di handap.

### LEMBAR KERJA SISWA

Kelas : .....

No Absén : .....

#### A. Pék jieun jeung tulis wawangsalan !

Katangtuanna nya éta:

1. lima wawangsalan nu bébas;
2. perhatikeun guru wilangan, sarta ngagunakeun kekecapan nu luyu, merenah jeung murwakanti wangsalna.

1. ....,  
 .....  
 wangsalna:  
 .....

2. ....,  
 .....  
 wangsalna:  
 .....


3. ....,  
 .....  
 wangsalna:  
 .....

4. ....,  
 .....  
 wangsalna:  
 .....

5. ....,  
 .....  
 wangsalna:  
 .....

### 1.4 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nya éta ngagunakeun *one group pre-test post-test design*. Sangkan leuwih jéntré prosedur panalungtikan baris digambarkeun dina ieu bagan di handap.



Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan baris ditétélakeun deui di handap.

#### 1) Tatahar

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru basa Sunda SMK PGRI 2 Cimahi ngeunaan masalah anu karandapan ku siswa dina nulis wawangsalan anu luyu jeung kurikulum 2013 dina pangajaran basa Sunda. Pikeun ngungkulan masalah kamampuh siswa dina nulis wawangsalan, panalungtik ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*. Satuluyna panalungtik nyusun léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun pikeun ngungkulan masalah ngagunakeun modél pangajaran

*concept sentence*, di antarana nya éta nyiapkeun RPP jeung LKS (Lembar Kerja Siswa).

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun dua variabel, nyaéta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébas nya éta variabel anu mangaruhan kana variabel lianna, sedengkeun variabel kauger nya éta variabel anu dipangaruhan ku variabel bébas. Anu jadi variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran *concept sentence*, sedengkeun variabel kaugerna nya éta kamampuh siswa kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi dina nulis wawangsalan.

## 2) Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

Sanggeus kapanggih masalah anu aya di SMK PGRI 2 Cimahi kelas X AK 4, fungsi panalungtikan nya éta pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nya éta tés awal jeung tés ahir. *Pre-test* dilakukeun saméméh perlakuan, tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis wawangsalan, sedengkeun *post-test* dilaksanakeun sanggeus perlakuan, tujuanana nya éta pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis wawangsalan ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*.

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data ngawengku sababaraha tahapan, di antarana nya éta:

- a) guru ngabagikeun LKS *pre-test* soal nulis wawangsalan anu ngawengku soal ngalengkepan jeung nyieun wawangsalan;
- b) siswa migawé pancén *pre-test* nulis wawangsalan sangkan mikanyaho kamampuh nulis awal siswa;
- c) sanggeus mikanyaho kamampuh awal siswa ngaliwatan *pre-test*, satuluyna panalungtik ngayakeun *treatment* pikeun prosés pangajaran;
- d) ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun modél *concept sentence* kana nulis wawangsalan; jeung
- e) sanggeus ngalaksanakeun pangajaran ngaliwatan modél *concept sentence*, siswa ngalaksanakeun *post-test* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré perlakuan. Hasilna ngaronjat atawa henteu, bisa katitén dina babandingan peunteun *pre-test* jeung *post-test* dina panalungtikan.

### 3) Nganalisis Data

Data anu geus dimeunangkeun ngaliwatan *pre-test* jeung *post-test*, satuluyna panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis hasil wawangsalan siswa ku cara ngagunakeun *SPSS versi 18*.

### 4) Kacindekan

Ti mimiti prosés tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, léngkah anu pamungkas nya éta panalungtik nyieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan. Dina ieu panalungtikan ogé miboga hipotésis, yén aya béda anu signifikan dina ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence* siswa kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi.

## 1.5 Analisis Data

Analisis data dina ieu panalungtikan ngawengku kana: 1) téknik ngumpulkeun data, jeung 2) téknik nganalisis data.

### 1.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés jeung téhnik dokuméntasi. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis wawangsalan siswa anu ngawengku éjahan, diksi, guru wilangan, karapihan tulisan jeung hubungan antarpadalian dina wawangsalan. Sedengkeun téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun hasil karangan dina nulis wawangsalan ku cara nganalisis kasalahan dina ngalarapkeun éjahan (ngagunakeun huruf dina awal kalimah, aturan dina nulis tanda baca, bisa ngalarapkeun jeung ngabédakeun antara e,é, jeung eu), kosa kecap (diksi), (kekecapan anu merenah jeung luyu sangkan bisa dipaké dina nulis wawangsalan, kecap anu digunakeun ngandung harti anu ngéntép seureuh atawa henteu), guru wilangan (kudu nyumponan kana dalapan engang), karapihan tulisan (kajelasan/kabaca henteuna tulisan, bentuk hurup), jeung hubungan antarpadalian dina wawangsalan (nyambung henteuna antarpadalian dina nyieun wawangsalan).

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés anu digunakeunana nya éta *pre-test* jeung *post-test*. *Pre-test* dilaksanakeun pikeun

mikanyaho kamampuh nulis wawangsalan saméméh ngagunakeun modél *concept sentence*, sedengkeun *post-test* dilaksanakeun pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteuna kamampuh nulis wawangsalan sanggeus diajar ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*. Sarta téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun nganalisis béda anu signifikan kamampuh nulis wawangsalan saméméh jeung sanggeus maké modél pangajaran *concept sentence*.

### 1.5.2 Téhnik Nganalisis Data

Sanggeus ngumpulkeun data, diteruskeun kana nganalisis data. Téhnik nganalisis data dina ieu panalungtikan diébréhkeun ieu di handap.

#### 1) Mariksa jeung Meunteun data

- a. Mariksa hasil karangan wawangsalan siswa tina hasil tés awal jeung tés ahir dumasar kana aspék-aspék nulis wawangsalan;

**Tabél 3.2**  
Skala Aspék Penilaian dina Nulis Wawangsalan

No	Aspék nu dipeunteun	Peunteun	Kritéria
1	Ejahan	5	Ngawasa pisan kana kaédah dina nulis kecap, sampurna, mun aya kasalahan ogé saeutik.
		4	Ngawasa kana kaédah, geus mampuh ngabédakeun antara vokal e, é jeung eu hurup kapital awal kalimah, jeung tanda baca.
		3	Kurang ngawasa kana kaédah nulis kecap, tapi teu ngarobah makna.
		2	Loba kasalahan dina ngalarapkeun huruf vokal e, é, jeun eu, hurup kapital di awal kalimah, jeung tanda baca.
		1	Teu ngawasa kana kaédah nulis kecap, can merenah.
2	Diksi	5	Pilihan kecap anu merenah, geus bisa ngalarapkeun diksi anu merenah jeung murwakanti, luyu jeung téma wangsalsal.

No	Aspék nu dipeunteun	Peunteun	Kritéria
		4	Diksi geus merenah , geus bisa ngalarapkeun diksi anu merenah jeung murwakanti, luyu jeung téma wangsals tapi aya sababaraha kasalahan.
		3	Diksi rada merenah jeung kaharti maksudna
		2	Ayana diksi anu kurang merenah, masih kamalayan
		1	Loba kasalahan dina diksi, teu merenah, masih kamalayan, jeung kekecapanna teu luyu jeung nulis wawangsals
3	Jumlah guru wilangan	5	Guru wilangan geus nyumponan kalayan ngagunakeun kekecapan anu merenah.
		4	Guru wilangan geus luyu, tapi masih kurang dina éjahan.
		3	Guru wilangan geus luyu, tapi can bisa milih kekecapan nu merenah.
		2	Guru wilangan leuwih atawa guru wilangan kurang jeung masih salah dina ngalarapkeun ejahan.
		1	Teu bisa nangtukeun guru wilangan, kecap anu dipilih teu merenah jeung can bisa ngalarapkeun ejahan.
4	Karapihan tulisan	5	Rapih, ngawasa aturan nulis wawangsals, kabaca jeung kasalahan éjahan saeutik.
		4	Rapih, kabaca, aya saeutik corétan, ejahan masih kurang tapi teu ngarobah makna.
		3	Rada rapih, kabaca, tapi masih salah dina ngalarapkeu éjahan.



No	Aspék nu dipeunteun	Peunteun	Kritéria
		2	Kurang rapih, salah dina éjahan, teu puguh ma'na sarta aya corétan.
		1	Teu rapih, teu kabaca, loba corétan, teu cukup pikeun dipeunteun.
5	Hubungan antarpadalian dina wawangsalan	5	Hubungan antarpadalian dina wawangsalan geus nyambung, jumlah engang geus luyu, jeung sampurna dina nulis wawangsalan.
		4	Hubungan antarpadalian dina wawangsalan geus nyambung, urutanana geus alus, jumlah engang geus luyu, tapi éjahan kurang.
		3	Nangtukeun wangsals rada nyambung tapi dina jumlah engang kurang.
		2	Hubungan wangsals jeung wawangsalan teu nyambung, jumlah engang kurang, sarta kurang merenah.
		1	Wawangsalan teu lengkep, jumlah engang kurang jeung can bisa nagtukeun wangsalna.

(Hartfield, spk., 1985 kc.91 jeung Nurgiyantoro,1988,kc.305-306 dina Kuswari, 2010, kc 183 kalayan diropéa)

b. Méré peunteun kana karangan siswa hasil tés awal jeung tés ahir;

$$P = \frac{\sum B}{\sum ST} \times 100$$

Keterangan:

P :Peunteun

$\sum B$  :Peunteun nu kahontal

$\Sigma ST$  :Jumlah peunteun

Kategori :

peunteun < 75 siswa dianggap can mampuh nulis wawangsalan

Peunteun > 75 siswa dianggap mampuh nulis wawangsalan

c. Ngasupkeun data nu mangrupa peunteun tés awal jeung tés ahir kana tabél.

**Tabél 3.4**  
Peunteun Siswa Saméméh jeung Sanggeus  
Ngagunakeun Modél *concept sentence*

No	No siswa	Aspék					$\Sigma$	P	Katégori
		A	B	C	D	E			

Katerangan :

A :Éjahan

B :Milih diksi

C :Guru Wilangan

D :Karapihan Tulisan

E :Hubungan antarpadalisan dina wawangsalan

$\Sigma$  :Jumlah total

P :Peunteun

## 2) Uji Sifat Data

Pikeun nguji sipat data, dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogenitas.

### a. Uji Normalitas Peunteun *Pre-test* jeung *Post-test*

Nurutkeun Pramestri (2017, kc. 2) asumsi kenormalan dilakukan pikeun mikanyaho naha sampel data kaasup kana populasi normal atawa henteu. Normal henteuna data ditilik tina residualna. Dina SPSS, aya sababaraha métodeu pikeun nguji asumsi normal henteuna data. Salah sahijina nya éta Kolmogorov Smirnov (KS) atau Shapiro Wilk (SW). Léngkah-léngkah uji asumsi normal henteuna data nya éta:

- Susun hipotésis
  - $H_0$ : residual distribusi normal
  - $H_1$ : residual distribusi teu normal
- Milih tingkat signifikansi  $\alpha$
- Kaputusan uji

Lamun nilai  $\alpha = 0.05 < Sig.$  Maka  $H_0$  teu ditolak. Hartina sampel data berdistribus normal.

b. Uji Homogénitas Peunteun *Pre-tes* jeung *Post-test*

Nurutkeun Nurutkeun Pramesti (2017, kc.3) variansi dina unggal sampel populasi nu dicokot miboga variansi nu sarua atawa konstan, variansi dinotasikeun ku  $\sigma^2$ . Dina SPSS, pikeun nguji homogenitas variansi, aya statistika Levene kalawan léngkah-léngkah di handap:

- Nyusun hipotésis

$H_0$ : varians sampel homogén

$H_1$ : varians sampel teu homogén

- Milih tingkat signifikansi  $\alpha$

- Kaputusan uji

Perhatikeun hasil output dina SPSS. Lamun nilai  $\alpha = 0.05 < Sig.$  Maka  $H_0$  teu ditolak. Hartina variansi data homogen.

3) Uji Hipotésis

Pikeun nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saumpama data hasil uji normalitas némbonkeun yén data miboga distribusi anu normal, ku kituna éta data dina nangtukeun hipotésisna ngagunakeun statistik paramétrik kalawan ngagunakeun Uji T-tes. Sedengkeun saumpama data anu diuji normalitasna némbongkeun yén éta data miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistik *non-parametrik* kalawan ngagunakeun Wilcoxon Match Pairs Test.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

1. Saupama nilai signifikansi (Sig.)  $< 0,05$ , hartina hipotésis alternatif ( $H_1$ ) ditarima, hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Hartina modél pangajaran *concept sentence* mampu ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi.
2. Saupama nilai signifikansi (Sig.)  $\geq 0,05$ , hartina hipotésis nol ( $H_0$ ) ditarima, hipotésis alternatif ( $H_1$ ) ditolak. Hartina modél pangajaran *concept sentence* teu mampu ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi.